



## UBUSHOBOZI BW'UMITI

MISOPROSTOL ikoreshwa mu gukurayo inda ku bagore 9 kuri 10.

## HOKORWA IKI INDA ITAVUYEYO



Umu gokorwa ashobora gusubira gufata umuti canke akagenda kwa mu ganga bagakoresha ubundi buhinga bwo kuyiramwo. Ni gake cane haba gukura kw'umwana nabi iyo umugore abandanije afata imiti.



Women HelpWomen

WEB: [HTTPS://WOMENHELP.ORG/](https://WOMENHELP.ORG/)

EMAIL: [INFO@WOMENHELP.ORG](mailto:INFO@WOMENHELP.ORG)

TWITTER: [@WOMENHELPORG](https://TWITTER.COM/WOMENHELPORG)

FACEBOOK: [WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL](https://FACEBOOK.COM/WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL)



## GUKURAYO INDA VYARAKUNZE ?

Naho umugore yumva ko ata nda agifise, birakenewe ko yemeza ko at anda agifise. Yogenda akagirisha igipimo co kumurika inda mu giterekoy inyuma yo gukorora inda ukoresheje umuti canke ukagirisha ibipimo vy'inda indwi 3 canke 4 ziheze inyuma yogukora inda.



Iyo umugore atakiva amaraso, canke ava amaraso make (ari munsi yayahora ava mu butinyanka atarimwo ibantu bigumye) kandi akabandanya abona ibimenyetso vy'uwufise inda inyuma yo gufata umuti, birashoboka ko aguma afise inda. Bikunze, ategerezwa kugirisha igipimo kimurika inda mu giterekoy kugira asuzume ko inda ibandanya canke itabandanya, bidakunze, ashobora gukoresha imiti kandi bushasha.



## INYUMA YO GUKORORA INDA



Inyuma yo gukorora inda, umugore ashobora kubandanya ava amaraso bukebuke guhera ku ndwi 1 gushika kuri 3, ariko umugore wese atandukanye n'uwundi. Ni vyiza ko ibipimo arivyo vyemeza ko inda yavuyemwo.



Ntihagire nakimwe ucisha mu gihimba c'irondoka, canke kwoga canke kugira amabanga mpuzubitsina gushika aho kuva amaraso menshi bigabanuka, nk'imiisi 2 inyuma yo gukorora inda ukoresheje imiti.



**Umu gokorwa gutwara inda ubwo nyene agiheza gukorora inda!** Kugira wikingire gutwara inda ubwo nyene, ata vyifuzu, n'ugukoresha uburyo bujanye no kwirinda inda utifuza (uburyo bw'irondoka rijanye n'amagara meza).



## GUKORORA INDA UKORESHEJE UMUTI MISOPROSTOL

### MISOPROSTOL, N'IKI?

Uwo muti ukoreshwu kw'isi yose kugira bakorore inda vyizewe no kuvura indwara y'umushishito ? Uragurishwa mu mazu acuruza imiti ku mazina akurikira : Cytotec, isolvant, Misoclear, MisoFem, Cyrux canke Tomispiral. Mu bihugu vyinshi vyo muri Afrika, uwo muti urakoreshwa mu kwirinda no kuvura kuva amaraso inyuma yo kwibaruka (Kava amaraso inyuma yo kwibaruka).



## MISOPROSOL, KUBERA IKI?

- Gukorora inda vyizewe. Ubuvuzi inyuma yo gukorora inda canke inda yikuyeyo (gugira bakureyo ibisigarira).
- Gukinga no kuvura ivirirana ry'amaraso inyima yo kwibaruka-kuva amaraso menshi inyuma yo kuvyara. No kuvura indwara y'umushishito.

### BIKORA GUTE

Misoprostol ituma haba ibise, iga tuma igiteroko ciyugurura, bituma bimera nkuko inda ari yikuyeyo.

### GUSHIKA RYARI MISPROL WOYIKORESHA MUGUKURAYO INDA VYIZEZE



Mu ndwi zitatu za mbere uharuye guhera umunsi wa mbere uheruka mubutinyanka



## WOKORESHA GUTE MISOPROL MUGUKORORA

### INDA VYIZEWE?



Umugore akenye gufata ibinini cumi, akabifata incuro zitatu (3), ibinini bine (4) uko amasaha atatu aheze.



Gushira ibinini 4 vya Misoprol munsi y'ururimi iminota 30, ntubimire, bireke bijonge.



Inyuma y'amasaha 3, shiramwo ibindi binini 4 munsi y'ururimi iminota 30, ntubimire, bireke bijonge.



Inyuma y'amasaha 3, shiramwo ibindi binini 4 munsi y'ururimi iminota 30, ntubimire, bireke bijonge.



Iyo haheze amasaha atatu (3) inda itaravamwo, umugore ashobora gufata ibindi binini inyuma y'amaha 3 gushika ivemwo.



### HAZA KUBA IKI INYUMA YO GUKORESHA MISOPROSOL?



Ibinanya vyinshi no guva amaraso menshi kuruta ubutinyanka.



Ku bice 80% y'abakoresha, inda ivamwo mu masaha 24 (24heures).



Uko inda iba ikuze, niko n'umugire ava amaraso menshi.



Imiti y'ububabare urashobora kuyifata kuva utangura gufata umiti ya MISOPROSTOL. **Ibuprofène** irakora neza. **Paracetamol/ acetaminophène** nayo ishobora gukoreshwa mu kungira iyo ya mbere.



## IBISHOBORA GUSHIKA

Inyuma y'amasaha 24 inyuma yo gufata imiti, ibimenyetso bikurikira bishobora gushika : Gusesemwa, Kudahwa, gucibwamwo, ubushhe 38°, kumeneka umutwe canke kutiyumva neza. Izo nkurikizi ntiziteye uwobwa kandi zica zihera inyuma n'amasaha makeyi.



### IBISHOBORA KUGORANA

Kuva amaraso menshi (kuzuza utwo abagore bifashisha mu butinyanka 2 canke 3 kw'saha mu kiringo c'amasaha 2 gushika kuri 3 akurikirana)



Ubushuhe bwinshi (hejuru ya 39°) canke 38° amasaha 24 yose.



Ububabare bwinshi inyuma y'imisi myinshi ukuyeyo inda, imiti igabanya ububabare igasendwa.

Gutakaza ibimeze nk'ibiseseka biva mugihimba c'irondoka kandi bikamota nabi.



### HOKORWA IKI HABAYE IBIGORANA



### Genda kwa muganga n'ingoga

Umore akenye kwivuza, **abaganga bategerezwa kumufasha**.

Kuvura mu gihe ari inda yavuyeyo ukoresheje imiti n'ico kimwe n'inda yivanyeyo. **Ntivyroshe gutandukanya inda yivanyeyo n'inda ivuyeyo wakoreshje MISOPROSTOL**.

Umugore akenye kuvugwa **ashobora kuvuga ko inda yivanyeyo**.